



Ndini ani Kuti
Mambo
afe
Pachinzvimbo
Changu?

Rugwaro Rwakanyorwa
NaWatson Goodman

Ropachena—
Risingatengeswe

NDINI ANI . . . ?

Musiki wedu anoziva kuti ndisu vanaani, vuye zvirimo mushoko rake patinovona kuti “Takagadzirwa Tiri Vanaani,” “Takazovei,” “Zvinotitungamira Kupi,” vuye “Tinogona Kuzovei,” kana tagamuchira ruponeso rwaMwari.

Vamwe havazive ruponeso rwaMwari. Vamwe vanoruziva muchidimbu vuye vanofanira kubvunzisiao pamusoro parwo. Vamwe vanorwisa ruponeso rwaMwari, vamwevo vachirwufarira zvakanyanya vuye pakuponeswa vanovona vave muna Jesu Kristu munhu weupenyu hwepamusoro usingagumi.

Mweya wangu usingagumi unokosha chaizvo izvondinoda kuti musiki avuite. Ndinogona kumuramba, zvinozoita kuti ndisakoshe nokusingaperi, kana kumugamuchira nokutenda ndichimuterera kuti andikudze nokugovana naye chigaro chohumambo chenyika yose.

—naWatson Goodman (1920-2002)

CHINANGWA CHIKURU CHAMWARI PAKUSIKA MUNHU

1

Achava Nomwenga Wokusingaperi

Uuye cikomba sezacinofarira
mjenja, saizozo Mjari wako u-
cakufarira. —Isaya 62:5b

Zino vushe bgokudenga bgu-
ngafananidzwa navasikana vane-
gumi, vakatora mjenje yavo, va-
kabuda kundociingamidza ciko-
mba. Pakati povusiku vakanzwa
mhere-mhere: Cikomba covuya!
Budai mumucingamidzei!

—Mateo 25:1 ne 6

Kristu—Chikomba

Unomjenja ndico cikomba; asi
shamjari yecikomba inomira ici-

munzwa, inofara zikuru nenzwi
recikomba. —Johane 3:29a

Nokuti ndinegodo pamsoro pe-
nyu negodo raMjari; nokuti nda-
kakuwanisai nomurume mumje,
kuti ndikuisei kunaKristu semha-
ndara yakacena.

—II VaKorinte 11:2

Jesu akati kwavari: Shamjari
dzecikomba dzingacema seiko ci-
komba ciciri navo? Asi mazuva a-
casika, acabviswa cikomba kwa-
vari; nenguva iyo vacazinyima zo-
kudya. —Mateo 9:15

2 NECHIKONZERO MWARI VAKAITA MUNHU NEMUFANANIDZO WAVO

Hakuna Humwe Hunhu Hungakwana Pakuva Mwenga Wake

Mjari akasika munhu nomufananidzo wake, akamusika nomufananidzo waMjari; akavasika murume nomukadzi.

—Genesi 1:27

Sezaakatisanangura maari nyika isati yawambga, kuti tive vatsene vasinemhosa pamberi pake murudo. —VaEfeso 1:4

Tinokwanisa Kuve NohuMwari

...kuti nazo muve vanhu vakagoverwa vuMjari... (II Petro 1:

4b)...nomugovani navo woku-bginya kucazoratidzwa (I Petro 5:1b)...vakagoverwa vo pampe cete nesu cipikirwa munaKristu Jesu neEvangeri (VaEfeso 3:6b)...vakatikwanisa kuti tipiwe nhaka yawatsene muciedza (Vakoroze 1:12b)...zavari vatendi navanodikanwa vanobatsirwa nokubata kwavo kwakanaka... (I Timotio 6:2b). Nokuti tava vago-verani pampe cete naKristu... (VaHeberu 3:14a)...vakagoverwa Mjeya Mutšene (VaHeberu 6:4b)...tigogoverwa vutšene bgake (VaHeberu 12:10b).

Nokuti Mjari wakaita munhu nomufananidzo wake.

—Genesi 9:6b

Mjari wakasika nyika nezose ziri mairi... zaari iye amene unopa vose vupenyu, nokufema, nezose; wakaita marudzi ose avanhu, acibva kunomumje cete, kuti agare pose panyika... kuti vatsake Mjari, zimje vamuwane, kunyanje asiri kure nomumje nomumje wedu. Nokuti maari tinovupenyu, tinofamba, tiri'po; sezavakareva vamje vanyori venziyo vokwenyu, vaciti: Nokuti

tiri rudzi rwake vo. Zatiri rudzi rwaMjari, hatifaniri kuti vu-Mjari bgakafanana nendarama, kana sirveri, kana ibge, zakavezwa novumhizha kana kucenjera kwomunhu.

—Mabasa 17:24a, 25b, 26a, 27-29

Naizozo vaprista vakanja vasingagoni kumira pabasa nokuda kwegore; nokuti kubginya kwa-Jehova kwakazadza imba ya-Jehova. —I Madzimambo 8:11

Jesu... Akashanduka pamberi pavo; ciso cake cikapenya sezuva, nguvo dzake dzikacena seciedza. —Mateo 17:1a, 2

KUBVA PAVUTSVENE KUENDA KUCHIVI NERIMA

Nokuti kwakanyorwa, kucinzi: Ivai vatsene, nokuti ini ndiri mutsene. —I Petro 1:16

Nokuti vazhinji sezavakaitwa vatadzi nokusaterera kwomu-mje, saizozo vazhinji vacaitwa vakarurama nokuterera kwomu-mje. —UaRoma 5:19

Nokuti vose vakatadza, vaka-sasika pakubginya kwaMhari. —UaRoma 3:23

Mjoyo unonyengera kupfuura zihu zose, wakavora cose, ndiani ungauziva? —Jeremia 17:9

Zino Jehova wakavona kuti kuipa kwavanhu kwakanga kuri kukuru panyika, nendangariro dzokufunga kwemjoyo yavo dzakanga dzakaipa bedzi nguva dzose. —Genesi 6:5

Mwari Unoramba Vakavora

Ndinokuudzai: Handizivi kwamakabva; ibvai kwandiri, imi mose, vaiti vezisakarurama! —Ruka 13:27b

Kutongwa ndokuku, kuti ciedza cakasika panyika, asi vanhu vakada rima kupfuura ciedza, nokuti mafasa avo akanga akai-pa. —Johane 3:19

Nyama Yakawa Yakasvi Biswa

Nokuti isu tose tava sounetsina, kururama kwedu kwose kwafanana nenguvo inetsina.

—Isaya 64:6a

*Rufu Rwokusingaperi
Rwuri Pandiri*

Saka, zivi sezazakapinda munyika nomunhu mumje, norufu rukapinda nezivi; saizozo rufu rwakasika kuvanhu vose, nokuti vose vakatadza. —UaRoma 5:12

Asi ndinovona mumje murairo pamitezo yangu, unorwa nomurairo womurangeriro wangu, unonditapira kumurairo wezivi

uri pamitezo yangu.

—UaRoma 7:23

Naizozo, kutonga sezakwaka-
vuya kuvanhu vose nokudarika
kumje, kuti vapiwe mhosa.

—UaRoma 5:18a

*Chivi Chinondiparadza-
nisa Namwari*

Asi zakaipa zenyu zakakuparadzanisai naMjari wenyu.

—Isaya 59:2a

*Ndichazvidaviririra Pamberi
Pamwari*

Naizozo mumje nomumje wedu ucazidavirira kunaMjari.

—UaRoma 14:12

*Munyama, Ndakafanana
Neivhu, Vuswa, Mhute*

Asi zino Jehova, muri Baba vedu; isu tiri ivu, imi muri muvumbi wedu, isu tose tiri basa roruvoko rwenyu. —Isaya 64:8

Nokuti, Nyama yose yakaita souswa, Nokunaka kwose seruva rovuswa. Uuswa bgunosava, neruva rinowira pasi.

—I Petro 1:24

Imi musingaziwi zamangwana. Uupenyu bgenyu cinyiko? Nokuti muri mhute, inovonekwa nguva duku, ndokunyangarika.

—Jakobo 4:14

*Ndinogona Kusafa Uye
Nekuva Neupenyu Usi-
ngaperi Muna Kristu*

Uyo, unotenda kuMjanakomana waMjari, kupupura unako mukati make; usingatendi Mjari, wakamuita murevi wenhema; nokuti haanakutenda kupupura kwakapupurirwa naMjari pamosoro poMjanakomana wake. Kupupura ndiko, kuti Mjari wakatipa vupenyu bgusingaperi; zino vupenyu ubgu bguri muMjanakomana wake.

—I Johane 5:10, 11

Simudzai misoro yenyu, imi masuwo; musimudzwe imi, magonhi akarekare; kuti Mambo wokubginya apinde. Ndianiko iye Mambo wokubginya? Ndiye Jehova unesimba novumhare, iye Jehova unovumhare pakurwa. —Mapisarema 24:7, 8

Kusikira pakuvonekwa kwa She wedu, Jesu Kristu;...iye oga wakaropafadzwa noWamasimba-ose, Mambo wamadzima-mbo, Ishe wamadzishe; iye oga usingafi, ugere paciedza cisinga-swederwi, usina-kumvonekwa nomunhu, vuye usingagoni ku-

vonekwa; kukudzwa nesimba risingaperi ngaziwe kwaari. Amen. —I Timotio 6:14b, 15b, 16

Mambo Uyu Achava Mambo Pamsoro Penyika Yose

Zino nezua iro mvura mhenyu zhinji icabuda muJerusarema; imje hafu yayo icayerera kugungwa rokumabvazua, imje hafu yayo kugungwa rokumavirazuva; zicaitwa pazhezha napacando. Jehova ucava Mambo wenyika yose; nezua iro Jehova ucava mumje cete, nezita rake rimje cete. —Zekaria 14:8, 9

8 JESU UNOTAURA NEZVEUMAMBO HWAKE

Jesu akapindura, akati: Uushe bngangu habguzi bgenyika ino; dai uushe bngangu bgaiwa bgenyika ino, varanda vangu vanga dai vairwa, kuti ndirege kuiswa kuvaJuda; asi zino uushe bngangu habguzi bgapano. Ipapo Pirato akati kwaari: Iwe uri mambo su? Jesu akapindura, akati: Unoreva iwe kuti ndiri mambo. Ndakaberekerwa izo, ndakavuyira izozo panyika, kuti ndipupure zokwadi.

—Johane 18:36, 37a

Muprista mukuru akamubvunza ze, akati kwaari: Ndiwe Kri-

stu, Mjanakomana wounokudzwa here? Jesu akati: Ndini. Nemi muvona Mjanakomana womunhu agere kurudyi rwesimba, aciuya namakore okudejga.

—Marko 14:61b, 62

Zino kana Mjanakomana womunhu aciuya nokubginya kwake, navatumja vose vanaye, uagara pacigaro cake covushe cinobginya. Zino Ishe ucati kunavari kurudyi: Uuyai imi, makaropafadzwa naBaba, mugare nhaka youshe bgakagadzirirwemi kubva pakuwamba kwenyika.

—Mateo 25:31 ne 34

Asi pamsoro poMjanakomana, unoti: Cigaro cenyu covushe, imi Mjari, ciri'po nokusingape-ri-peri, netsimbo yokururama ndiyo tšimbo yovushe bgako.

—UaHeberu 1:8

Zino ini Nebukadnezari ndinorumbidza nokuwombera nokukudza Mambo wokudenga; nokuti mafasa ake ose ndeezokwadi, nzira dzake dzakarurama.

—Danieri 4:37a

Akati: Zirokwazo ndinoti kwamuri: Kana musingashanduki, mukava savana vaduku, hamungatongopindi muvushu bgoku-

denga. Naizozo aninani unozinipisa somjana uyu muduku, ndiye mukuru muvushu bgokudenga. —Mateo 18:3, 4

Uvushu bgenyika bgava bgaShe wedu, naKristu wake; ucabgubata nokusingape-ri-peri.

—Zakazarurwa 11:15b

Mavenekerwa meso omjoyo wenyu, kuti muzive kuti kudana kwake kunetariro yei nefuma yokubginya kwenhaka yake pakati pavatsene, novukuru bgakapfuvurisa bgesimba rake kwatiri isu tinotenda, nokubata kwe-simba rake guru.

—UaEfeso 1:18, 19

Sezamakamupa simba pamsoro penyama yose, kuti vose vama-kamupa, avape vupenyu bgu-singaperi.
—Johane 17:2

Iye uri kurudyi rwaMjari; wapakinda kudenga, vatumja namadzishe namasimba zikaiswa pasi pake.
—I Petro 3:22

Raakabata munaKristu, acimumutsa kuwakafa, nokumugarisa kurudyi rwake kudenga, kumsoro-soro kwavabati vose, novukuru, nesimba, novushe, namazita ose anorebga, pasati pari panyika ino bedzi, asi paneinozovuya vo; akaisa zose pasi

petsoka dzake, akapa kereke iye, kuti ave musoro wazose, ndiwo muviri wake, kuzara kwaiye unozadzisa zose munavose.

—UaEfeso 1:20-23

Asi Jesu haana-kuziisa muma-voko avo, nokuti wakanja aciva-ziya vose. Wakanja asingatsaki kuti munhu mumje apupure zomunhu; nokuti wakanja aciziya iye ziri mumunhu.

—Johane 2:24, 25

Ini mavari, nemi mandiri, vakwaniswe kuva vamje; kuti nyika iziye kuti makandituma, vuye kuti makavada, sezamakandida ini.
—Johane 17:23

HUPFUMI HUSINGAPERI, SIMBA, NENJERE 11

Gwaiana rakabayiwa rakafanira kuti riviigirwe vushe, nefuma, nokucenjera, nesimba, nokukudzwa, nokubginya, nokurumbidzwa. —Zakazarurwa 5:12b

Ipapo Jesu wakasika, akataura kwavari, akati: Ndakapiwa simba rose kudenga napanyika. —Mateo 28:18

Asi isu tinongova naMnjari mumje bedzi, ndivo Baba; zihu zose zinobva kwaari, nesu tiri'po nokuda kwake; vuye Ishe mumje, Jesu Kristu; zihu zose ziri'po naye, nesu tiri'po naye. —I UaKorinte 8:6

...Kristu isimba raMnjari, novucenjeri bgaMnjari.

—I UaKorinte 1:24b

Uaciti: Tinokuongai imi, Ishe Mnjari wamasimba ose, muri'po, namakanga muri'po; nokuti makatora simba renyu guru, mukabata vushe.

—Zakazarurwa 11:17

Kuti mjoyo yavo isimbiswe, vasunganidzwe murudo, vave nefuma yose yokunzwisisa kwakwana, kuti vazive kwazo cakavanzika caMnjari, iye Kristu; maari fuma yose yovucenjeri nokuziva yakacegetwa.

—UaKorose 2:2, 3

Ucabata vushe kubva pagungwa kuſikira pagungwa, Nokubva paRwizi kuſikira kumigumo yapasi. Zirokwazo, madzimambo ose acawira pasi pamberi pake; Ndudzi dzose dzicamushumira. —Mapisarema 72:8 ne 11

Madzimambo enyika anozigadzira, Navabati vanorangana, Kuzorwa naJehova nomuzodziwa wake, vaciti: Ijgatiſambure zisungo zavo, Ijgatiſashe mabote avo abve kwatiri. Iye, ugere kudenga-denga, ucaseka; ishe ucavadadira. Kunyange zakadaro ini ndakagadza mambo wangu

PaZioni, iro gomo rangu dzene. Ndicaparidza cirevo, cinoti: Jehova wakati kwandiri: Ndiwe mjanakomana wangu; Nhasi ndakakubereka. Kumbira kwandiri, ndikupe ndudzi ive nhaka yako, Nemigumo yenyika zive zako. —Mapisarema 2:2-4 ne 6-8

Nokuti makafanira izozi; nokuti pakati pavakacenjera vose vamarudzi avanhu, napavushe bgavo bgose, hakuna-wakafana na nemi. Asi Jehova ndiye Mjari wazokwadi; ndiye Mjari mu-penyu, naMambo wokusingapiri. —Jeremia 10:7b ne 10a

Nokuti Jehova ndiMjari mukuru, Mambo mukuru unokunda vamjari vose.

—Mapisarema 95:3

Zino marudzi ose enyika acacema, aciiona Mjanakomana womunhu aciouya pamsoro pamakore okudenga nesimba nokubginya kukuru.

—Mateo 24:30b

Imi Ishe, Mjari wedu, makafanira kuti muwigirwe kubginya, nokukudzwa, nesimba, nokuti ndimi makasika zinhu zose, zakava'po, zikasikwa nokuda kwenyu.

—Zakazarurwa 4:11

Zino iye Ishe usingaperi, usingafi, usingavonekwi, Mjari woga, ngaave nokukudzwa nokubginya nokusingaperi-peri. Ameni.

—I Timotio 1:17

*Unogoverana Kubwinya
Kwake Nomwenga*

Neni ndakavapa kubginya kwamakandipa; kuti vave vamje, sesu tiri vamje. —Johane 17:22

Nokuti ndinoti madambudziko enguwa ino haana-kufanira kuzenzaniswa nokubginya kucazoratidzwa kwatiri.

—UaRoma 8:18

14 MUSIKI MAMBO ARI PAKUTONGA

Kukura kwouumambo bgake nokworugare hazinamugumo.

—Isaya 9:7a

Unenhamo unorwa noMuiti wake, ico caenga pakati pezaenga zevu! Unenhamo unoti kuna-baba: Unoberekeiko? Kana kumukadzi: Unozareiko? Zanzi na-Jehova, Mutşene waIsraeri, no-Muiti wavo: Ndibvunzei pamsoro pezicazoitwa; pamsoro pavanakomana vanhu, napamsoro pe-basa ramavoko anhu, mundiraire. Ndakaita nyika, nokusika vanhu pamsoro payo; ini, namavoko anhu, ndakatatanura denha

rose; ndakaraira hondo yose yaro. Ndakamumutsa nokururama, ndicaruramisa nzira dzake dzose. —Isaya 45:9a, 10-13a

Akapiwa simba, nokubginya, novushe, kuti vanhu vose namarudzi ose namarimi ose vashumire; simba rake rovushe isimba risingaperi, risingazopfuvuri, vuye vushe bgake havungazoparadzwi. —Danieri 7:14

Zvipirei Pakuraira Kwake

Zirokwazo, madzimambo ose acawira pasi pamberi pake; Ndudzi dzose dzicamushumira.

—Mapisarema 72:11

*Nzvimbo Nemaforo Uye Kumuka
Kuvakafa Zvakafanotaurwa*

Tarirai, tinokwira Jerusarema,
Mjanakomana womunhu ucai-
swa kuvaprista vakuru navanyo-
ri, vacamutongerera rufu. Uaca-
muisa kuvahedeni, kuti asekwe,
aroveswe, aroverwe pamucinji-
kwa, asi nezvwa retatu ucamu-
tswa ze. —Mateo 20:18, 19

*Chivi Chakashata Pameso aMwa-
ri Kuti Chiwane Ruponeso Urwu*

Nokuti naKristu wakatambu-
dzika vo kampe cete pamsoro pe-
zivi iye wakarurama nokuda kwa-
vasakarurama, kuti atiise kuna-

Mhari; wakavurawa hake pa-
nyama, asi wakararamiswa pa-
mpeya. —I Petro 3:18

NaShe Jesu Kristu, wakazipa
nokuda kwezivi zedu, kuti atisu-
nungure kunyika yakaipa yazi-
no, nokuda kwaMhari, Baba ve-
du. —UaGaratia 1:3b, 4

Ndozatinoziva rudo nazo, kuti
wakatipa vupenyu bgame; nesu
vo tinofanira kupa hama vupe-
nyu bgedu. —I Johane 3:16a

Nokuti shoko romucinjikwa vu-
penzi kunaovanoparadzwa; asi
kwatiri, isu tinoponeswa, isimba
raMhari. —I UaKorinte 1:18

16 ROPA RINOKOSHA—MUPONESI ANOKOSHA

Asi zino munaKristu Jesu imi, makaŋga muri kure kare, maka-swededzwa muropa reKristu.

—UaEfeso 2:13

Naizozo, hama dzangu, zatinga-tsunga kupinda panzimbo tšene neropa raJesu, nenzira itša mhenyu.

—UaHeberu 10:19, 20a

...neropa resungano isingapetri.

—UaHeberu 13:20b

...ayananise zihu zose kwaari.

—UaKorose 1:20a

Tarira, ndinoisa muZioni ibge rekona, rakasanangurwa, rinokosha; Nounotenda kwaari haanganyadziswi. Naizozo imi, mu-

notenda, munako kukudzwa.

—I Petro 2:6b, 7a

Kunaiye unotida, akatisunungura paziwi zedu neropa rake.

—Zakazarurwa 1:5b

Kuti kubvira pavucece bgako wakaziwa Manyoro Matsene anogona kukupa vucenjeri bgunoisa kukuponeswa nokutenda kuri munaKristu Jesu.

—II Timotio 3:15

*Chikomba Chinotsvaka
Muwenga Wacho*

Nokuti Mjanakomana womunhu wakavuya kuzotsaka nokuponesa cakarashika.

—Ruka 19:10

KRISTU WAKAKUNDA RUFU RWECHIPIRI 17
NEGEHENA KUTI ANDIPONESE PAZVIRI

Mjeya unotadza, ucafa.
—Ezekieri 18:4b

Saka, zivi sezazakapinda munyika nomunhu mumje, norufu rukapinda nezivi; saizozo rufu rwakasika kuvanhu vose, nokuti vose vakatadza. —UaRoma 5:12

Nokuti mubairo wezivi ndirwo rufu.
—UaRoma 6:23a

Naizozo usanyadzi swa noku-pupurira Ishe wedu, kana ini, musungwa wake, asi utambudzi-ke pamje cete neni nokuda kwe-Evangeri nesimba reMjari, wakatiponesa, akatidana nokudana

kutšene, zisingabvi pamabasa edu, asi nokufunga kwake, nenyasha dzaakatiitira munaKristu Jesu nguva dzisati dzava'po, asi kwakaratiidzwa zino nokuvo-nekwa kwoMuponesi wedu, Kristu Jesu, iye wakaparadza rufu, akabudisa pacena vupenyu nokusavora nenzira yeEvangeri.
—II Timotio 1:8-10

Naiye Mupenyu; ndakanga ndafa, tarira, ndiri mupenyu nokusingaperi-peri; ndinekiyi dzorufu neHadesi.
—Zakazarurwa 1:18

**18 MAMBO WAKAPA PACHENA RUPONESO
KUNA AVO VANORWUDA NEMWOYO YAVO YOSE**

**Kuti Kristu wakafira zivi zedu,
sezakanyorwa paMagwaro.**

—I UaKorinte 15:3b

**Kuti mufudze kereke yaMjari,
yaakatenja neropa rake.**

—Mabasa 20:28b

**Ndini mufudzi wakanaka; mu-
fudzi wakanaka unorashira ma-
kwai ake upenyu bgake.**

—Johane 10:11

**Zino iye wakafira vose, kuti
avo vanorarama varege kuzozi-
raramira iwo, asi uyo wakafa
nokumutswa nokuda kwavo.**

—II UaKorinte 5:15

**Uaprofita vose vanomupupuri-
ra kuti nezita rake mumje no-
mumje unotenda kwaari ucapi-
wa kanganyiro yezivi.**

—Mabasa 10:43

**Ishe haanonoki kuita sezaaka-
pikira, sezinoreva vamje vaciti:
Hunonoka; asi unomjoyo mure-
fu kwamuri, nokuti haadi kuti
vamje varashike, asi kuti vose
vatendeuke.**

—II Petro 3:9

**Mucanditsaka, mukandiwana,
kana mucinditsaka nomjoyo we-
nyu wose.**

—Jeremia 29:13

Cigaro cenyu covushe, imi Mjari, ciri'po nokusingaperi-peri; Tsimbo yovushe bgenyu itsimbo yakarurama. Makada kururama, mukavenga kusarurama.

—Mapisarema 45:6, 7a

Ko hamuziwi kuti vasakarurama havangagari nhaka yovushe bgaMjari here?

—I UaKorinte 6:9a

Nokuti vari venyama vanofunga zenyama: asi vari vomjeya, vanofunga zomjeya. Nokuti kufunga kwenyama ndirwo rufu; asi kufunga kwomjeya ndibgo vupenyu norugare; nokuti ku-

funga kwenyama kunovengana naMjari; nokuti hakuziisi pasi pomurairo waMjari; hakugoni vo; zino vari munyama havagoni kufadza Mjari. Asi imi hamuzi munyama, asi mumjeya, kana Mjeya waMjari acigara zirokwazo mukati menyu. Asi kana munhu asinoMjeya waKristu, haazi wake.

—UaRoma 8:5-9

Imi vovutere, hamuziwi here kuti vushamjari bgenyika bgunovengana naMjari? Naizozo mumje nomumje, unoda kuva shamjari yenyika, unozita muvengi waMjari. —Jakobo 4:4

NZIRA YAUNGAGAMUCHIRWA NAYO NAMAMBO

Unofukidza kudarika kwake, haangavi nomufaro; Asi unozirevurura, acizirasha, ucawana nyasha. —Zirevo 28:13

Nesu takaziwa, tikatenda rudo urwu, Mjari rwaanarwo kwatiri. Mjari rudo; unogara murudo, unogara munaMjari, naMjari maari. —I Johane 4:16

Asi vose vakamugamucira, wakavapa simba kuti vave vana vaMjari. —Johane 1:12a

Unogamucira wandinotuma, unogamucireni, nounondigamucira ini, unogamucira wakandituma. —Johane 13:20b

Muranda akati: Heyi mvura; cinyiko cingadziwisa ndirege kubapatidzwa? [Firipo akati: Kana ucitenda nomjoyo wako wose, zingaitwa.]

—Mabasa 8:36b, 37a

Kuti kutenda kwenyu kurege kuwa muucenjeri bgavanhu, asi musimba raMjari.

—I UaKorinte 2:5

Zino Jesu wakati kuwaJuda avo, vakaŋga vamutenda: Kana imi mucigara mushoko ranu, muri vadzidzi vanu zirokwa-zo. —Johane 8:31

RUPONESO RUNOBATIRANA NEKURARAMA 21 UYE NEYANANO NAKRISTU

Nokuziva rudo rwaKristu, runopfuura kuziva, kuti muzadzi-swe nokuzara kwose kwaMjari.
—UaEfeso 3:19

Kana Kristu ari mukati mentyu, muviri wakafa nokuda kwezivi, asi mjeya mupenyu nokuda kwokururama. —UaRoma 8:10

Asi imi hamutendi, nokuti hamuzi vamakwai angu. Makwai angu anonzwa inzwi rangu; neni ndinoaziva, vuye anonditevera. Ndinoapa vupenyu bgusingaperi; haangafi nokusingaperi, vuye

hakunomunhu ungaabvuta muruvoko rwangu.

—Johane 10:26-28

Nemhaka iyi ndinotambudzika vo nezinhu izi, asi handinyadzi-swi, nokuti ndinoziva wandakata-tenda, ndinoziva kwazo kuti unogona kucegeta candakamupa kusikira zuva irero.

—II Timotio 1:12

Naizozo naiyo, vanotambudzika nokuda kwaMjari, ngavaise mjeya yavo kuMusiki wakatende-ndeka vaciita zakanaka.

—I Petro 4:19

BEREKWA PATSVA, SUNUNGUKA PAKUSHUMIRA ISHE

Ndianiko unokunda nyika?
Haazi iye unotenda kuti Jesu
ndiye Mjanakomana waMjari
here? —I Johane 5:5

Avo uasina-kuberekwa neropa,
kana nokuda kwenyama, kana
nokuda kwomurume, asi na-
Mjari. —Johane 1:13

Naizozo kana Mjanakomana
acikusunungurai, muava uaka-
sununguka kwazo.
—Johane 8:36

Makasunungurwa pazivi, mu-
kava uaranda uokururama. Asi
zino makasunungurwa pazivi,

mava uaranda uamjari, mune-
zibereko zenyu zinoisa kuutse-
ne, uye kuguma kwazo ndibgo
uopenyu bgusingaperi.

—UaRoma 6:18 ne 22

Mucaziva zokwadi, nezokwadi
icakusunungurai. —Johane 8:32

Kristu wakatisunungura kuti
twe uakusununguka; naizozo
mirai nesimba, murege kusun-
gwa ze nejoko rouuranda.

—UaGaratia 5:1

Nokuti iwe uava capupu cake
kuvanhu uose cezawakavona ne-
zawakanzwa. —MaBasa 22:15

KUBEREKWA KUTSVA! ZVINO NDINI ANI? 23

Ko hamuzivi kuti vasakarurama havangagari nhaka yovushe bgaMjari here? Musarashika; nokuti mhombge, kana vanonamata zifananidzo, kana vanofeua, kana vakapata, kana vanoita zakaipa navarume, kana mbava, kana vanoruciva, kana vanosinwa doro, kana vatuki, kana makororo, havangagari nhaka yovushe bgaMjari. Uamje venyu vakanga vakadaro; asi makashambidzwa, asi makaitwa vatsene, asi makaruramiswa nezita raShe Jesu Kristu, noMjeya waMjari wedu.

—I UaKorinte 6:9-11

Kunaiye unotida, akatisunungura pazivi zedu neropa rake, akatiita vushe, navaprista kunaMjari naBaba vake, kwaari ngakuve kubginya nesimba nokusingaperi-peri. Amen.

—Zakazarurwa 1:5b, 6

Hamuzivi here kuti vatsene vacatonga nyika?

—I UaKorinte 6:2a

Nzvimbo Yakas imudzirwa

Kuti vose vave vamje; semi Baba muri mandiri, neni mamuri; kuti naiwo vave matiri.

—Johane 17:21a

24 TAKAGADZIRIRWA KUYANANA NAMWARI

Jehova uri pedyo navose vanodana kwaari, Uose vanodana kwaari nezokwadi.

—Mapisarema 145:18

Tembere yaMjari ingatenderana seiko nezifananidzo? Nokuti isu tiri tembere yaMjari mupe-nyu; Mjari sezaakareva, aciti: Ndicagara mukati mavo, noku-famba mukati mavo; ndicava Mjari wavo, ivu vacava vanhu vangu. —II UaKorinte 6:16

Asi farai zamunogovana na-Kristu pakutambudzika kwake, kuti pakuonekwa kwokubginya

kwake mufare vo nomufaro mukuru. —I Petro 4:13

Kuyanana kwedu tinako naBa-ba, noMjanakomana wake Jesu Kristu. —I Johane 1:3b

Kana ucipinda nomumvura zhinji, ndicava newe, kana nomunzizi, hadzingakunyudzi; kana u-cifamba nomumjoto, haungatsi, nomurazo haungakupisi.

—Isaya 43:2

Ini mavari, nemi mandiri, vakwaniswe kuva vamje; kuti nyika izive kuti makandituma, uye kuti makavada, sezamakandida ini. —Johane 17:23

**HUKAMA HWAKRISTU NAVATENDI
VEZVOKWADI**

25

Nezuva iro mucandiziwa, kuti ndiri munaBaba, nemi mandiri, neni mamuri. —Johane 14:20

*Murairo Wake Wekapedzisira
Chikamu Chedu Chekutanga*

Mjeya nomjenga vanoti: Uuya! —Zakazarurwa 22:17a

Endai naizozo, mudzidzise marudzi ose, muvabapatidze muzita raBaba, neroMjanakomana, neroMjeya Mutsene; muvadzidzise kucegeta zose zandakukurairai imi; tarirai, ndinemi mazwa ose, kuşikira pakuguma

kwenyika. —Mateo 28:19, 20

*Kururama Kwavakundi Ndiko
Kururama KwaKristu
Uri Mavari*

Kunaivo Mjari waakada kuwazivisa vufumi bgokubginya kwe-cakavanzika icoci pakati pavahedeni, cokuti, Kristu mukati menyu, tariro yokubginya.

—UaKorose 1:27

Nokuti Kristu ndimugumo womurairo, kuti mumje nomumje unotenda aruramiswe.

—UaRoma 10:4

TSITSI DZAKADAI, RUDO RWAKADAI, NENYASHA DZAKADAI!

Mjari, Baba waShe wedu, Jesu Kristu, ngaatendwe, wakatibereka ze nengoni dzake huru, kuti tibe netariro mhenyu, inouya nokumuka kwaJesu Kristu kuwakafa.

—I Petro 1:3

Naizozo, ngatiswederei tisingatiy kucigaro covushe cenyasha, kuti tinzwirwe ngoni, tiwane nyasha, tibatsirwe nenguva yakafanira.

—UaHeberu 4:16

Zino Mjari unenyasha zhinjizhinji, nokuda kworudo rwake rukuru, rwaakatida narwo, kun-

yanje takanga takafa mukudari-ka kwedu, wakatiraramisa pamje cete naKristu (makaponeswa nenyasha); akatimutsa pamje cete naye, akatigarisa kude-nga pamje cete naye munaKristu Jesu; kuti nenguva dzinouya aratidze fuma huruhuru yenyasha dzake pavunoro bgake kwatiri munaKristu Jesu.

—UaEfeso 2:4-7

Zino Mjari wenyasha dzose, iye wakakudanirai kukubginya kwake kusingaperi munaKristu.

—I Petro 5:10a

Zino nguwa yakati yazara kwazo, Mjari akatuma Mjanakomana wake, wakaberekwa nomukadzi, wakaberekwa pasi pomurairo, kuti adzikinure vari pasi pomurairo, kuti tipiwe umjana bgedu.

—UaGaratia 4:4, 5

Tarirai kukura kworudo rwatakaitirwa naBaba, kuti tinzi vana vaMjari. —I Johane 3:1a

Vadyi Venhaka VaMwari

Unokunda ucagara nhaka yezinhu izi; ndicava Mjari wake, iye ucava mjanakomana wangu.

—Zakazarurwa 21:7

Zino zamuri vanakomana, Mjari wakatuma Mjeya woMjanakomana wake mumjoyo medu, unodana, aciti: Aba, Baba! Saka iwe hauciri muranda, asi mjanakomana; kana wava mjanakomana, wava mudyi wenhaka naMjari. —UaGaratia 4:6, 7

Zino kana tiri vana, tiri vadyi venhaka; vadyi venhaka yaMjari, vadyi venhaka pamje cete naKristu; kana ticitambudzika pamje cete naye, tigokudzwa vo pamje cete naye.

—UaRoma 8:17

MWARI UNOSHUWA ZVAAKAITA KUVANA VAKE

Tinoziwa kuti zinhu zose zinozobatirana kuti ziiitire zakanaka avo vanoda Mjari, avo vakadawana sezaakafunga. Nokuti vachakaziva kare, ndivo vachakatamera vo kare, kuti vafanane nomufananidzo woMjanakomana wake, kuti ave dangwe pakati pehama zhinji. —UaRoma 8:28, 29

Shumirai SaKristu

Asi ini ndiri pakati penyusou-noshumira. —Ruka 22:27b

Ivai Nevunyoru Netsitsi

Zino ini Pauro ndinokumbira zikuru kwamuri novunyoru ne-

tsitsi dzaKristu.

—II UaKorinte 10:1a

Ivai Vanokanganwira

Ipapo Jesu akati: Baba, muvachanganwire, nokuti havaziwi chavanoita. —Ruka 23:34a

Fambai Murudo RwaKristu

Baba sezavakandida, neni ndakakudai; garai murudo rwangu. —Johane 15:9

Paridzai Vhangeri

Kunyika Dzose

Jesu akati ze kwavari: Rugare kwamuri! Baba sezavakandituma, neni ndinokutumai vo.

—Johane 20:21

Ticikurairai, ticikusimbisai, ticikupupurirai, kuti mufambe zakafanira Mjari, iye unokudani-rai kuushe bgake nokubginya kwake. —I UaTesaronika 2:12

Mumje nomumje, unotungamirira vamje, asingarambiri mukudzidzisa kwaKristu, haana-Mjari; asi uyo, unorambira mukudzidzisa, ndiye unaBaba no-Mjanakomana. —II Johane 9

*Kristu Uchava Nomwenga
Usingazobviswe Kwaari*

Wakaropafadzwa munhu uyo unotsunga mjoyo pakuidzwa; nokuti kana atendwa, ucapiwa

korona youupenyu yakapikirwa avo vanomuda. —Jakabo 1:12

Mumje nomumje unouuya kwandiri, akanzwa mashoko angu, akaaita, ndicakuratidzai wakafanana naye. Wakafanana nomunhu wakavaka imba, akacera, akadzikisa, akaiteya paruware; mvura zhinji ikavuya, mvura ikarova imba iyo, ikasagona kuizunungusa, nokuti yakanga yakavakwa kwazo.

—Ruka 6:47, 48

Takatarira tariro inofadza, nokuonekwa kwokubginya kwa-Mjari mukuru, noMuponesi wedu, Kristu Jesu. —Tito 2:13

Nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda; izo zisingabvi kwamuri, asi cipo caMjari; hazibvi pamabasa, kuti kurege kuva nomunhu unozikudza. Nokuti tiri basa rake, takasikwa kuti munaKristu Jesu tiite mabasa akanaka, akagadzirwa kare naMjari kuti tifambe maari.

—UaEfeso 2:8-10

Zino, iye unesimba rokuita zikuru kwazo zinopfuvura zose zatinokumbira kana zatinofunga, nesimba rinobata mukati medu, ngaave nokubginya muke-reke munaKristu Jesu, kuşikira, kumarudzi ose nokusingaperi-

peri, Ameni. —UaEfeso 3:20, 21

Kuti kutenda kwenyu kurege kuva muucenjeri bgavanhu, asi musimba raMjari.

—I UaKorinte 2:5

*Tichaitwa Vakakwana
Nekuzara Maari*

Kudzimana isu tose tişike pavumpe bgokutenda nokuziva Mjanakomana waMjari, napamunhu wakura, napaciyero covukuru bgokuzara kwaKristu.

—UaEfeso 4:13

Maari nemi vo makazadzwa, iye musoro wavabati vose nama-simba.

—UaKorose 2:10

*Sei Rudo Rwenyu, Unonamatwa
Nengirozi Dzisingaverengeki,
Rwuri Kuvanhu Vanopanduka,
Vakatadza?*

Duye, kana acizobuyisa ze dangwe rake panyika, unoti: Uatumja vose vaMjari ngavamunamate.
—UaHeberu 1:6

Ndicifadzwa navanakomana vavanhu.
—Zirevo 8:31b

Kuti muve womumje, iye wakamutswa pavakafa, kuti tiberekere Mjari zibereko.
—UaRoma 7:4b

Nokuti sezatinemitezo mizhinji pamuviri mumje, asi mitezo yose hainebasa rimje cete; saizozo

isu, tiri vazhinji, tiri muviri mumje cete munaKristu, mumje nomumje ari mutezo wavamje.
—UaRoma 12:4, 5

*Mwenga Unowana Upenyu
Kubva Kwaari*

UnoMjanakomana, unoupenyu; usinoMjanakomana waMjari, haanoupenyu.

—I Johane 5:12

Rudo Rwakazara Kumwenga

Iye usina-kuramba kunyanje noMjanakomana wake, asi wakamupa cose nokuda kwedu tose, ungaraga seiko kutipa vo zose pamje cete naye?

—UaRoma 8:32

*Anotonga Pamwe-chete
Nomwenga*

Unokunda ndicamupa cinhu ici, kuti agare neni pacigaro cangu covushe, seni vo ndakakunda, ndikagara pamje cete na Baba vangu pacigaro cavo covushe.

—Zakazarurwa 3:21

Guta RaMambo Nomwenga

Asi zino vanoda imje inopfuvura nokunaka, ndiyo yokudenga; naizozo Mjari haanenyadzi pamsoro pavo kuti aidzwe Mjari wato; nokuti wakavagadzirira guta.

—UaHeberu 11:16

Unokunda ndicamuita mbiru mutembere yaMjari wangu, ha-

angazobudi'mo ze; ndicanyora pamsoro pake zita raMjari wangu, nezita reguta raMjari wangu, Jerusarema idza rinoburuka kudenga kunaMjari wangu.

—Zakazarurwa 3:12a

Ndikavona guta dzene, Jerusarema idza, riciburuka kudenga ricibva kunaMjari, rakagadzirwa somjenga wakashongerwa murume wake.

—Zakazarurwa 21:2

Uanosuka nguvo dzavo vakaropafadzwa, kuti vave nesimba rokuuya kumuti woopenyu, vapi-nde napamasvo eguta.

—Zakazarurwa 22:14

Naizozo kana musina-kuva vakatendeka pafuma isakarurama, ndianiko ucakutendai nefuma yazokwadi? —Ruka 16:11

Nokuti munoziva nyasha dzaShe wedu, Jesu Kristu, kuti kunyange akanja akafuma, waka-va murombo nokuda kwenyu, kuti imi novurombo bgake muve vafumi. —II UaKorinte 8:9

Inzwai, hama dzangu dzinodikanwa: Ko Mjari haana-kusanangura varombo venyika here kuti vave vafumi pakutenda, navadyi venhaka yovushe bgaakapikira vanomuda? —Jakobo 2:5

Ndinoziva kutambudzika kwako novurombo bgako, (asi uri mufumi). —Zakazarurwa 2:9a

Kuipa Kwehupfumi Hwenyika

Raira vafumi panyika yazino, kuti varege kuzikudza, kana kuvimba nefuma isingagari, asi naMjari, unotipa zose aciwanza, kuti tifare nazo; kuti vaite zakanaka, vave vafumi pamabasa akanaka, vafarire kupa vamje, nokugovana; vazirongedzere nheyo dzakanaka dzenguva inovuya, kuti vabatisise vupenyu cai-bgo. —I Timotio 6:17-19

ZVINO REVA HUPFUMI HWEZVOKWADI KWANDIRI

Uyo ucavandudza muviri woku-
kuninipiswa kwedu, kuti ufana-
ne nomuviri wokubginya kwake,
nesimba iro raanogona uo naro
kuziisira zose pasi pake.

—UaFiripi 3:21

Muwoŋge Baba, vakatikwanisa
kuti tipiwe nhaka yavatsene mu-
ciedza; vakatisunungura pasi-
mba rerima, vakatiisa muvushu
bgoMjanakomana worudo rwa-
u.

—UaKorose 1:12, 13

Zino ndinokuisai kunaShe, ne-
shoko renyasha dzake, iye unesi-
mba rokukuwakisai, nokukupai

nhaka pakati pavakaitwa vatsene
vose.

—Mabasa 20:32

Kana Kristu, iye vupenyu bge-
du, acivonekwa, nemi uo mucavo-
nekwa pampe cete naye pakubgi-
nya.

—UaKorose 3:4

Zokuti: Uahedeni vadyi venha-
ka pampe cete nesu, nemitezo yo-
muviri pampe cete nesu, vakago-
verwa uo pampe cete nesu cipiki-
rwa munaKristu Jesu neEvanje-
ri. Ini, muduku kwazo kuvatsene
vose, ndakapiwa nyasha idzi, kuti
ndiparidzire vahedeni fuma isi-
nganzerwi yaKristu.

—UaEfeso 3:6 ne 8

Uose vanokutsakai ngavafarise uave nomufaro mamuri; Vanoda kuponesa kwenyu ngavarambe uaciti: Jehova ngaakudzwe!

—Mapisarema 40:16

Farai munaJehova, mufarisise, imi makarurama; Pururudzai nomufaro, imi mose makarurama pamoyo. —Mapisarema 32:11

Farai munaShe nguva dzose; ndicapamhidza ze: Farai.

—UaFiripi 4:4

Nokuti kutambudzika kwedu, kwakareruka, kuri'po cinguva ciduku, kunotiitira kubginya kukuru kwakaišo-naka kusingape-ri.

—II UaKorinte 4:17

Fara kwazo, iwe mukunda we-Zioni; pururudza iwe mukunda weJerusarema; tarira, mambo wako unouya kwauri; ndiye wakarurama, ndiye unokunda.

—Zekaria 9:9a

Asi, musafara bedzi necinhu ici, kuti mneya inoziisa pasi penyuni; asi mufare kuti mazita enyu akanyorwa kudenga.

—Ruka 10:20

Asi uose vanovimba nemi ngavafare, ngavadanidzire nomufaro nguva dzose, nokuti imi munovadzitira; Uose vanoda zita renyu ngavafare nemi.

—Mapisarema 5:11

36 UNGARAMBE NYASHA DZAKE KUSVIKA RINI?

Asi unondishaiwa, unotadzira mneya wake; Uose vanondiwennga, vanoda rufu. —Zirevo 8:36

Cenjerai kuti murege kuramba unotaura; nokuti kana avo vakamuramba nguva yaakavaraira panyika, vasina-kupukunyuka, zikuru isu kana tikafuratira iye wokudenga. —UaHeberu 12:25

Akati kwavari: Irwai kupinda nesuwo rakamanikana; nokuti vazhinji, ndinoti kwamuri, vacatsaka kupinda, asi havangagani. Panguva iyo kana mjene weimba asimuka, azarira suwo, imi mukatanga kumira kunze,

mukagogodza pasuwo, muciti: I-she! tizarurirei! Iye akapindura, aciti kwamuri: Handikuziwiyi imi kwamakabva.

—Ruka 13:24, 25

Kuramba Nyasha Kunkonzera Kutongwa

Nokunyengerera kwose kwokusarurama kunavanorashika; nokuti havana-kugamucira rudo rwezokwadi, kuti vaponeswe. Saka Mjari unovatumira simba rokukanjanisa, kuti vatende nhema, kuti vose vasina-kutenda zokwadi, asi vakafarira zisakarurama, vatongwe.

—II UaTesaronika 2:10-12

Une Zvivi, Watotongwa

Unotenda kwaari, haatongwi; asi usingatendi kwaari, watotongwa, nokuti haanakutenda kuzita roMjanakomana waMjari wakaberekwa mumje woga.

—Johane 3:18

Nokuti kana ticitadza nobgoni, kana tambogamucira zivo yezokwadi, hakucinecibayiro pamsoro peziwi, asi kungomirira ticitya kutongeswa nokutsamja kunopfuta somjoto.

—UaHeberu 10:26, 27a

Kutongwa Neshoko

Unondiramba, asingagamuciri

mashoko anju, unomumje, unomutonga; shoko randakareva ndiro ricamutonga nezuya roku-pedzisira. —Johane 12:48

Unodiwa Nekutsvakwa

Rudo rwaMjari rwakarati-dzwa kwatiri necinhu ici, kuti Mjari wakatuma Mjanakomana wake, wakaberekwa ari mumje cete, munyika, kuti tive noupenyu naye. —I Johane 4:9

Mjeya nomjenja vanoti: Uuya! Naiye unonzwa ngaati: Uuya! Unenyota ngaavuye. Unoda ngaatore mvura youpenyu asingatengi. —Zakazarurwa 22:17

Hupenzi kugara mukuchema na-Satani muGehena nokusingaperi iwe waikwanisa kuve mumafaro makuru naKristu muchitonga nyika mose nekusingaperi!

Benzi rakati mumjoyo maro: Mjari hakuna.

—Mapisarema 53:1a

Ishe akati kwaari: Zino imi vaFarise, munosuka kunze kwo-mukombe nendiro, asi mukati menyu muzere nokukara nokui-pa. Imi mapenzi! Ko uyo wakaita ziri kunze, haazi iye wakaita ziri mukati vo here?

—Ruka 11:39, 40

Mumje nomumje unonzwa mashoko angu awa, akasaaita, unganidzwa nomurume benzi, wakavaka imba yake pajeca. Mvura ikanaya, mvura zhinji ikavuya, mitutu ikavuvuta, ikarova imba iyo, ikawa, kuwa kwayo kukava kukuru.

—Mateo 7:26, 27

Segwari rinogarira mazai ari-sina-kukandira rimene, ndizo zakaita iye unozivanira fuma nokusarurama; icamusiya pakati pamazuva ake, pakupedzisira kwake ricava benzi.

—Jeremia 17:11

*Kunoendwa navose vanoramba
Mambo wekubwinya*

Asi kana ikabereka minzwa norukato, inorashwa, yobva yotukwa; kuguma kwayo ndiko kupiswa. —UaHeberu 6:8

Mjanakomana womunhu ucatuma vatumya vake, vagozunganidza muvushu bgame zose zingumbusa, navanoita zisakarurama, vacavakandira muvira romjoto; ipapo pacava nokucema nokugeda-geda kwameno.

—Mateo 13:41, 42

Dutsi bgokutambudzika kwavo bgunokwira nokusingaperi-peri;

havanezororo masikati novusiku, iwo vanonamata cikara nomufananidzo waco, nounogamucira ciratidzo cezita raco.

—Zakazarurwa 14:11

Uri vavengi vomucinjikwa waKristu; kuguma kwavo ndiko kuparadzwa. —UaFiripi 3:18b, 19a

Mwari unoshuva kuita zvishamiso kuti tirege kuenda kuGehena, sekutiendera ikoko, kukunda rufu, nekutimutsa zvekare kuti tikunde nekurarama. zvimwe zvekare kushandura vatadzi kubva pahupanduki kuve nemoyo mutsva murudo rwaKristu.

MAMBO WAMADZIMAMBO UCHAISA SATANI MUHUSUNGWA NEKUDA KWAKE

Zino ndakavona mutumpha aci-
buruka kudenga, anekiyi yego-
mba rakadzika-dzika, neketani
huru muruoko rwake. Akabata
shato, nyoka yakare, ndiye Dia-
borosi naSatani, akamusunga
makore anegumi ramazana, a-
kamukandira mugomba raka-
dzika-dzika, akamupfigira'mo,
akaisa cisimbiso pamsoro pake,
kuti arege kuzonyengera maru-
dzi kushikira makore anegumi
ramazana apera; shure kwaizo-
zo unofanira kusunungurwa ci-
nguva ciduku.

—Zakazarurwa 20:1-3

Zino kana makore anegumi
ramazana apera, Satani ucasu-
nungurwa mutorongo yake. Zi-
no Diaborosi, wakavanyengera,
akakandwa mudziwa romjoto ne-
surferi panecikara nomuprofita
wenhema, kuti varwadzwe masi-
kati novusiku nokusingaperi-pe-
ri. —Zakazarurwa 20:7 ne 10

Kukunda Zvachose Satani

Naizozo, vana zavakagoverwa
ropa nenyama, naiye vo waka-
govana navo panaizozi; kuti no-
kufa kwake iye aparadze uyo u-
nesimba rorufu, iye Diaborosi.

—UaHeberu 2:14

Hapanomunhu ungapatira vatenzi vaviri. —Mateo 6:24a

*Uri Kutevera Satani Kujeri,
Kana Kuti Mambo Wamadzima-
mbo Kuhushe Hwake
Wokusingaperi?*

Kuti usinudze meso avo, vabve murima, vaende kuciedza, noku-bva pasimba raSatani, vaende kunaMjari, kuti vagamucire kanganwiro yeziwi zavo, nenhaka pakati pavakaitwa vatsene, nokutenda kwandiri.

—MaBasa 26:18

Asi kana vari vanotya, navasi-ngatendi navanyangadzi, nava-

urayi, nemhombge, navaroyi, navanonamata zifananidzo, navose vanoreva nhema, mugove wavo uri mudziwa rinopfuta nomjoto nesurferi; ndirwo rufu rwecipiri. —Zakazarurwa 21:8

Jesu akapindura, akati: Zirokwazo, zirokwazo, ndinoti kwamuri: Mumje nomumje unoita zivi, ndiye muranda wezivi. Muranda haagari mumba nokusingaperi; mjanakomana ndiye unogara nokusingaperi. Naizozo kana Mjanakomana acikusunungurai, mucava vakasununguka kwazo. —Johane 8:34-36

42 MVURA MHENYU INOYERERA PATSOKA DZANGU

Jesu akapindura, akati kwaari: **Clai waiziva cipo caMjari, vuye kuti ndiani unoti kwauri, ndipei vo ndinwe, ungadai waikumbira kwaari, akakupa mvura mhenyu.**
—Johane 4:10

Zino nezuva rokupedzisira, zuva guru romutambo, Jesu wakamira, akadandzira, akati: **Ani nani, kana anenyota, ngaavuye kwandiri, anwe.** —Johane 7:37

Nokuti Gwaiiana riri pakati pecigaro covushe ricavafudza, ricavatungamirira kumatsime emvura yovupenyu; Mjari ucapi-sika misodzi yose kumeso avo.
—Zakazarurwa 7:17

Zino akandiratidza rwizi rwe-mvura yovupenyu, yakapenya sekristaro, inobuda pacigaro covushe caMjari neceGwaiiana, pakati penzira yaro. Kumatiwi maviri orwizi kwakanga kunomuti wovupenyu, unobereka zibereko zamarudzi anegumi namaviri, uciita zibereko zaro mjedzi mumje nomumje; namashizha omuti aiva mushonga wokuporesa ndudzi. Hakucavi necinhu cakatukwa; cigaro covushe caMjari neceGwaiiana cicava mukati maro; varanda vake vacamushumira; vacavona ciso cake.
—Zakazarurwa 22:1-3

WAPOTSA? MUTSVAKE NEMWOYO WAKO WOSE! 43

Asi tangai kutşaka uushu bga-
Mjari, nokururama kwake; izo-
zi zose zicawedzerwa kwamuri.

—Mateo 6:33

Asi kana mukazotşaka Jehova
Mjari wako, ipapo, ucamuwana,
kana ukamutşaka nomjoyo wa-
ko wose nomjeya wako wose.

—Deuteronomio 4:29

Ndinoda vanondida; Uanondi-
tşaka nomjoyo wose uacandiwa-
na.

—Zirevo 8:17

Ndinoti kwamuri: Kumbirai,
mucapiwa; tşakai, mucawana;

gogodzai, mucazarurirwa.

—Ruka 11:9

Zidzarirei mukururama, mu-
goceka zorudo; vundai mako-
mbo enyu, nokuti inguva yoku-
tşaka Jehova, kuşikira aciuvuya
acikunisirai zakarurama.

—Hosea 10:12

Tşakai Jehova acawanikwa,
đanai kwaari aciri pedyo.

—Isaya 55:6

Ndicakurumbidzai, Ishe Mjari
wangu, nomjoyo wangu wose,
Ndicarumbidza zita renyu noku-
singaperi. —Mapisarema 86:12

44 KUDYA KWAMANHERU KWEWANISO – MWARI ANOTORA MWENGA

Hareruya! Nokuti Ishe Mjari wedu wamasimba ose wobata vushe. Ngatifarei, tifarise, timukudze; nokuti mutambo wokuwana weGwaiiana wasika, mukadzi waro wazigadzira. Wakapiwa simba kuti apfeke muceka wakanaka, unopenya, usinetsina; nokuti muceka wakanaka ndizo zakarurama zavatsene. Zino akati kwandiri: Nyora, uti: Ukaropafadzwa vakakokerwa kucirayiro cokuwana ceGwaiiana. —Zakazarurwa 19:6b-9a

Uuya pano, ndigokuratidza mjenja, mukadzi weGwaiiana. I-

papo wakandiisa muMjeya kugomo guru refu, akandiratidza guta dzene, Jerusarema, riciburuka kudenga, ricibva kunaMjari, rinokubginya kwaMjari. Handina-kuona tembere mukati maro, nokuti Ishe Mjari wamasimba ose neGwaiiana itembere yaro. Guta haritsaki zuva kana mjedzi, kuti rivenekerwe nazo; nokuti kubginya kwaMjari ndiko kwairivenekera, nomjenje waro ndiro Gwaiiana. Ndudzi dzinofamba neciedza caro.

—Zakazarurwa 21:9b-11a ne
22-24a

Anozvipira Kwaari

Muzipei imi kunaMjari, sava-nhu vakararama kuvakafa, nemitezo yenyu kuti dzive nhumbi dzokururama kunaMjari.

—UaRoma 6:13b

Anoda Chikomba

Nyasha ngadzive navose vano-da Ishe wedu, Jesu Kristu, norudo rusingavori. —UaEfeso 6:24

Mumwe Naye

Nokuti isu tiri mitezo yomuviri wake. —UaEfeso 5:30

**Wakazadzwa Nesimba
RovuMwari**

Usinakuitwa muprista nomu-

rairo wokuraira kwenyama, asi nesimba rovupenyu bgusingapedzwi. —UaHeberu 7:16

Wakazadzwa Nerudo RwaMwari

Asi uyo, unocengeza shoko rake, rudo rwaMjari rwakwani-swa maari. —I Johane 2:5a

Asina Tsvina

Wakaiso-naka, iwe shamjari yangu; Hakunegwapa kwauri. —Soromoni 4:7

Saka vadikanwa, zamunotarira zihu izi, shingairai kuti muwanikwe naye munorugare, musinoruwara, musinemhoşa.

—II Petro 3:14

MAMBO UCHAPARADZA VANOMUMUKIRA MUNYIKA YOSE

Ava uacarwa neGwaiiana, Gwaiiana ricavakunda; nokuti iro ndiShe wamadzishe, namambo wamadzimambo.

—Zakazarurwa 17:14a

Zino mumje mutumja unesimba akasimudza ibge rakaita seguyo guru, akarikandira mugungwa, aciti: Saizozo guta guru, Babironi, ricaputsirwa pasi nesimba, rikasatongowanikwa ze.

—Zakazarurwa 18:21

Ipapo iye usakarurama ucauonekwa, iye ucaurawa naShe Jesu nomjeya womuromo wake, a-

ciparadza nokuonekwa kwokuyaya kwake.

—II UaTesaronika 2:8

Uku ndiko kurova Jehova kwacarova nako ndudzi dzose dzavanhu dzakarwa neJerusarema: nyama yavo icavora uamire namakumbo avo, meso avo acavorerera mumakomba avo, norurimi rwavo rucaovorera mumiro yavo.

—Zekaria 14:12

Ipapo kuguma kunosika, panguva yaacazopa Mjari, Baba, ushe, panguva yaacaparadza kubata kwose, noushe bgose, nesimba. —I UaKorinte 15:24

MAKORE ANECHURU MWENGA NECHIKOMBA 47 VACHITONGA NYIKA

Uushe bgenyu ngabguvuye, kuda kwenyu ngakuitwe panyika sezakunoitwa kudeŋga.

—Mateo 6:10

Uakaropafadzwa vanyoro; nokuti vacagara nhaka yenyika.

—Mateo 5:5

Uushe bgenyika bgava bgaShe wedu, naKristu wake; ucabgubata nokusingaperi-peri.

—Zakazarurwa 11:15b

Nokuti makabayiwa, mukateŋgera Mjari neropa renyu vantu vanobva kumarudzi ose, nendimi dzose, navantu vose, ne-

ndudzi dzose; mukavaitira Mjari wedu, kuti vave vushe navaprista, vabate vushe panyika.

—Zakazarurwa 5:9b, 10

Ndikavona mjeya yavakanga vagurwa misoro nokuda kwokupupura kwaJesu, nokweshoko raMjari, navose vasina-kunamata cikara kana mufananidzo waco, vasina-kupiwa ciratidzo pahuma dzavo naparuvoko rwavo; vakararama vakabata vushe pamjete cete naKristu makore anegumi ramazana.

—Zakazarurwa 20:4b

HUPENYU HUSINGAPERI PAMWE NECHIKOMBA

*Mwari Neni Tinogara
Nokusingaperi, Mufaro!*

Ndicakukudzai kwazo, Mjari wangu, imi Mambo; Ndicarumbidza zita renyu nokusingaperi-peri. —Mapisarema 145:1

Baba, ndinoda kuti awo vama-kandipa, vawe vo neni apo pandiri, kuti vavone kubginya kwangu, kwamakandipa.

—Johane 17:24a

Uakafa munaKristu vacatanga kumuka; zino isu vopenyu, vakasara, ticatorwa pampe cete navo mumakore, kuti ticingami-

dze Ishe mudenga; naizozo tica-va naShe nguva dzose.

—I UaTesaronika 4:16c, 17

Tarirai, tabernakeri yaMjari iri pakati pavanhu, iye ucagara navo, iwo vacava vanhu vake; Mjari amene uava navo, ave Mjari wavo. Ucapisika misodzi yose pameso avo; rufu harucavi'po, kana kucema, kana kurira, kana kutambudzika hazingavi'po; nokuti zokutanga zapfuvura. —Zakazarurwa 21:3b, 4

Nokuti Ishe Mjari ucaavene-kera; vacabata vushe nokusingaperi-peri. —Zakazarurwa 22:5b

KRISTU ANOTI:

Unokunda ndicamupa cinhu ici, kuti agare neni pacigaro cangu covushe, seni vo ndakakunda, ndikagara pampe cete naBaba vanhu pacigaro cavo covushe.

—Zakazarurwa 3:21

O, rudo rukuru rwakaratidzwa naMuponesi
Kufa rufu runonyadzisa pamuti
Kusiya zvinokosha nechigaro chakaisvonaka
Kuti aponese mutadzi seni.

—I.N. McHose

*Rumbidzai Ishe, Wakarurama uye mutsvene;
Rumbidzai Ishe, Unondida, guruva zvaro;
Rumbidzai Ishe, NDINOFANIRA KUMUSHANDIRA,
Rumbidzai Ishe! Rumbidzai Ishe! RUMBIDZAI ISHE!*

—Watson Goodman

Scripture text reprinted from the Bible in Shona by permission of United Bible Societies Africa Regional Centre, Nairobi, Kenya.

Published in numerous languages by World Missionary Press as God supplies funds in answer to prayer. If you would like more copies for careful distribution, write in English to:

World Missionary Press, Inc.
P.O. Box 120
New Paris, Indiana 46553-0120 USA